**Lembar Kerja Peserta Didik**

**Tujuan Pembelajaran : Membedakan kalimah pananya, wawaran jeung kalimah panyeluk**

**Nama** : _______________ **Kelas** : **4C**

**A. Kalimah Pananya**

Kalimah pananya : kalimah nu fungsina nanyakeun hiji hal

Tuntung kalimah make tanda tanya (?)

Conto kalimah : Kunaon tara ngerjakeun tugas ?

**B. Kalimah wawaran**

Kalimah wawaran : kalimah nu fungsina mere nyaho
Tuntung kalimah make tanda titik (.)
Conto : Kamari Asih gearing

**C. Kalimah panyeluk**

Kalimah panyeluk : kalimah nu fungsina nembongkeun rasa , bisa ambek, nyarekan, nitah atawa kagumbiraan
Tungtung kalimah make tanda panyeluk / seru (!)
Conto : Cik pangnyokotkeun pacul!

Hidep geus diajar tilu rupa kalimah. Di handap aya paguneman. Ayeuna, prak eusian lolongkrang nu kosong di antara tanda kurung ( ... ) maké tanda titik (.), tanda tanya (?), jeung tanda panyeluk (!).

| | | |
|---|---|---|
| Guru | : | Ku naon cicing baé di luar (...) |
| Udin | : | Kasiangan, Pa (...) |
| Guru | : | Asup ka dituh (...) |
| Udin | : | Alim, ah, isin (...) |
| Guru | : | Ari geus, rék terus cicing di luar kitu (...) |
| Udin | : | Duh, kumaha, nya (...) |
| Guru | : | Moal (...) Jung asup mending gé (...) |
| Udin | : | Isin (...) |
| Guru | : | Moal, moal nanaon (...) Bébéja baé satarabasna, kabeurangan kituh, jung (...) |
| Udin | : | Badé nyuhunkeun surat katerangan baé atuh heula ka Bapa (...) |
| Guru | : | Da lain Bapa nu giliran pikétna gé, ka ditu ka Pa Asép (...) |
| Udin | : | Muhun atuh, ah, Pa (...) |